


# Solitid la ap monte

Medsen Jeneral Etazini an te pibliye yon rapò an 2023 ki te gen pou tit "Epidemi Solitid ak Izòlman nou an". Nan nivo nasjonal, te genyen yon ogmantasyon nan ka solitid ak izòlman yo sinyale yo.

## Solitid ak izòlman gen yon enpak sou kominote yo nan Lwès MA.

Kisa nou te aprann nan men repondan Ankèt sou Ekite nan Sante Kominotè 2023 ki gen 18+ yo?

**16%** te siyale yo 'abiyèlman' oubyen yo 'toujou' santi yo izole



Gwoup laj avèk **pousantaj** ki pi wo pami moun k ap siyale izòlman yo se te gwoup **18-24** ane a. Gwoup laj sa a se te sa ki te pi wo pou tout MA.


**29%**

Lòt sous done yo montre **granmoun aje** yo fè fas ak izòlman tou. Yo estime **1 sou 4** granmoun ki gen **65** ane ak pi plis izole sosyalman (Akademi Nasjonal Syans Enjenyeri, ak Medsin).



## Poukisa sa enpòtan?

Solitid gen enpak reyèl sou sante.



Nivo elve konektivite sosyal asosye ak...

- pi bon sante
- yon pi bon preparasyon ak rezilyans fas ak katastwòf natirèl
- nivo enferyè vyolans kominotè
- pi bon pwoespirite ekonomik
- ogmantasyon nivo angajman sivik
- gouvènman pi reprezentatif

maladi kadyovaskilè  
demans  
estwòk  
depresyon  
anksyete  
lanmò prematire

Mank koneksyon sosyal son **danje menm jan ak fimen** jiska 15 sigarèt pa jou.

## Kisa nou kapab fè antanke moun

- ✓ Patisipe nan gwoup sosyal ak kominotè.
- ✓ Chache opòtinite pou sèvi ak sipòte lòt yo. Jwenn divès opòtinite benevola atravè pòtay benevola United Way of Pioneer Va lley.
- ✓ Redui pratik ki mennen nan santiman dekoneksyon ak lòt yo, tankou tan passe devan ekran eksesif ak relasyon ki pa sen.
- ✓ Chache èd pandan moman difikilte yo lè w kontakte yon zanmi, yon manm fanmi, yon konseye, yon founisè swen sante, oubyen liy telefonik nan ka gen kriz la 988.

## An nou travay ansam!

Gouvènman, òganizasyon ki baze nan kominote yo, swen sante, edikasyon, medya, filantwopi, chèchè yo — nou tout kapab jwe yon wol nan ranfòse koneksyon sosyal yo.

### Rekomendasyon ak enfòmasyon adisyonèl

- Medsen Jeneral, Epidemi Solitid ak Izòlman nou an.
- PHIWM. Fèydewout sou Sante Mantal Jèn yo pou Lwès Massachusetts
- MA DPH. CHES 2023 Rapò sou Sante Mantpal

### Sous yo

- Depatman Sante Piblik MA, 2023 CHES
- Medsen Jeneral Etazini. Epidemi Solitid ak Izòlman nou an. 2023.

- Akademi Nasjonal Syans, Enjenyeri, ak Medsin. 2020. Izòlman sosyal ak Solitid lakay Granmoun ki Pi Aje yo: Opòtinite pou Sistèm Swen Sante a

